Semester Gasal

Yogyakarta
KULON PROGO



# REMEDIAL & PENGAYAAN

DITULIS MENG
KEPUTUSAN KEPA
PENELITIAN DAN
DAN PERBUKUAN
No. 018/H/KR/202
TENTANG KOMPETISI INTI
PADA KURIKULUM 2013 UN

NAMA :
KELAS :
SEKOLAH :

**DISUSUN OLEH KKG**
**untuk kalangan sendiri*

KELAS

# 6

## BAHASA JAWA

UNTUK SD/MI

KURIKULUM TAHUN 2013 (KURTILAS)



LIVEWORKSHEETS

KD 3.1

**Wacanen kang patitis!**

## Museum Gunung Merapi

Nalika taun wingi, murid-murid kelas V diajak Pak Guru menyang Museum Gunung Merapi. Museum Gunung Merapi dumunung ing ereng-ereng Gunung Merapi sisih kidul. Museum Gunung Merapi kalebu ing wewengkon Dusun Banteng, Hargobinangun, Kabupaten Sleman, Yogyakarta. Museum iki diresmekake rikala tanggal 1 Oktober 2009 dhening Menteri Energi lan Sumber Daya Mineral (ESDM) Bapak Purnomo Yusgantoro.

Museum Gunung Merapi diadegake kanggo sarana piwulangan lan ngrembakaake ilmu babagan bencana gunung merapi, gempa bumi, lan bencana alam liyane. Gedhung museum iki kaperang dadi rong lantai lan duwe fasilitas kang pepak dadi media pasinaon. Lantai kapisan isine barang-barang koleksi museum. Ing lantai loro ana gedhung pemutaran film babagan Gunung Merapi.

Nalika mlebu museum disuguhi maket Gunug Merapi kang tansah ngetokake keluk lan magma. Swara gemuruh digawe saengga katon kaya asline sanadyan ukurane cilik, maket iki uga nyritakake kronologi njebluge Gunung Merapi diiringi karo gendhing Jawa. Ing maket kuwi ana tombol telu kang nuduhake taun kedadean njebluge Gunung Merapi, wiwit saka taun 1969, 1994 lan 2006. Yen kepingin ndelok kronologi njebluge Gunung Merapi saka maket iku kanthi mejet tombol taun.

**I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki adhedhasar wacan ing dhuwur iku kanthi patitis!**

1. Ana ngendi dununge Museum Gunung Merapi iku?
   Wangsulan : ____________________
2. Sapa kang ngresmekake Museum Gunung Merapi?
   Wangsulan : ____________________
3. Apa tujuwane Museum Gunung Merapi diadegekake?
   Wangsulan : ____________________
4. Ana ngendi gedhung pemutaran film babagan Gunung Merapi?
   Wangsulan : ____________________



LIVEWORKSHEETS

5. Kepiye yen arep ndelok kronologi njebluge Gunung Merapi saka maket iku?
Wangsulan : ______________________________________

II. **Wenehana tandha ping (X) aksara a, b, c, utawa d ing sangarepe wangsulan kang paling bener!**

**KD3.1**

6. Museum Gunung Merapi madeg ing taun ....
   a. 2009
   b. 2006
   c. 1994
   d. 1969
7. Museum Gunung Merapi kalebu ing <u>wewengkon</u> Dusun Banteng, Hargobinangun, Pakem, Kabupaten Sleman, Yogyakarta.
   Tembung wewengkon tegese ....
   a. asale
   b. saka
   c. manggon
   d. wilayah
8. Koleksi batihk ing Museum Batihk Yogyakarta pepak banget. Ana werna-werna jinis batihk saka pirang-pirang wilayah ing Indonesia. Saiki wis ana 400 lembar kain lan uga sawetara peralatan bathik. Koleksi paling tuwa yaiku bathik ing taun 1700-an.
   Ukara baku paragraf ing kasebut yaiku ....
   a. Koleksi batihk ing Museum Batihk Yogyakarta iki pepak banget.
   b. Ana werna-werna jinis batihk saka pirang-pirang wilayah ing Indonesia.
   c. Saiki wis ana 400 lembar kain lan uga sawetara peralatan bathik.
   d. Koleksi paling tuwa yaiku bathik ing taun 1700-an.
9. Koleksi batik ing museum iki pepak banget.
   Tembung pepak banget kosok balene ....
   a. akeh
   b. sithik
   c. luwih
   d. kurang
10. Jenenge museum kang *ora* kalebu ing tlatah Yogyakarta yaiku ....
    a. Musem Sonobudaya
    b. Museum Dirgantara
    c. Museum wayang kekayon
    d. Museum Radya Pustaka
11. Martini gedhe tekade melu lomba nembang. Tembung gedhe tekade tegese ....
    a. kaweden
    b. kuwatir
    c. manteb
    d. pasrah



LIVEWORKSHEETS

12. Tora pancen kandel kupinge, dicelokake wong tuwane ora nggape.

Tembung kandel kupinge tegese ....

a. budheg
b. ndableg
c. mbandel
d. ngeyel

13. Wong kang wegah nyambut gawe bakal rekasa uripe.

Tembung entar kang mathuk kanggo ukara kasebut yaiku ....

a. landhep dengkul
b. kakehan tangan
c. ngemut driji
d. nggegem tangan

14. Saiki Pak Karta uripe ora rekasa amarga anake wis padha mentas kabeh.

Tembung entar kang mathuk kanggo ukara kasebut yaiku ....

a. entheng sanggane
b. dhuwur atine
c. kenceng karepe
d. padhang pikire

15. Amarga ... Pak Muji dadi panutan warga sak kiwa tengene.

Tembung entar kang mathuk kanggo ngganepi ukara kasebut yaiku ....

a. amba jangkahe
b. jembar kawruhe
c. jembar segarane
d. padhang ulate

**KD 3.3**

16. Gatekna gambar wayang ngisor iki!

17.



Gambar wayang ing sisih kiwa iki jenenge ....

a. Puntadewa
b. Janaka
c. Nakula
d. Sadewa

17. Gatekna gambar wayang ngisor iki!



Gambar wayang ing sisih kiwa iki jenenge ....

a. Duryudana
b. Durmagathi
c. Dursasana
d. Citraksa



LIVEWORKSHEETS

18. Tokoh wayang kang dhuwe watak sabar lan nrima, setya lan tresna dhateng sesami, jujur, lan gandrung dhateng kautamen yaiku ....
    a. Yudhitira
    b. Janaka
    c. Nakula
    d. Sadewa
19. Tokoh wayang kang duwe watak adigang adigung adiguna, sembada ing warna, angkara murka yaiku ....
    a. Duryudana
    b. Durmagathi
    c. Kartamarma
    d. Ugrasena
20. Tokoh wayang Werkudara duwe watak ....
    a. remen tetulung, mancala putra mancala putri, sekti tanpa aji-aji, nglurug tanpa bala, lan satriya socaning bathara
    b. lugu, jujur, prasaja, tan mendha saking bebaya, tan wedi guntur, lan teka kang sinedya
    c. wicaksana, setya, lan manut karo wong tuwa
    d. jujur, lan tansah bisa nyimpen wewadi.

**III. Isenana nganggo tembung sing mathuk!**

**KD 3.3**

21. Pandhawa cacahe ana ....
22. Kurawa cacahe ana ....
23. Tokoh wayang Sadewa duwe watak ....
24. Tokoh wayang Dursasana duwe watak ....
25. Tokoh wayang Durmagati duwe watak ....
26. Ngadhepi barang bener kudu kendel, aja cilik ....
27. Pak Mulyana senadyan sekolahe ora dhuwur nanging jembar ....
28. Bapak : "Kapan olehmu arep mara nggone Pak Guru?
    Lutfi : "Kula badhe ... mangke sonten."
    Tembung kang bener kanggo ngganepi pachelathan iku yaiku ....
29. Bu Guru ngundang Edi dhateng kantor.
    Tembung ngundang benere ....
30. Kula **dipuncaosi** roti budhe.
    Tembung kang ditulis kandel benere ....



LIVEWORKSHEETS

LIVEWORKSHEETS